

VAKSEN KONT EPATIT A

SA OU GEN POU KONNEN


1. Kisa epatit A ye ?

Epatit A se yon gwo maladi serye nan fwa viris epatit A [hepatitis A viris - HAV] koze. Yo jwenn HAV nan pou pou moun ki soufri epatit A. Li pwopaje an jeneral nan kontak pèsònèl ak moun e pafwa nan manje manje oubyen bwè dlo ki gen HAV.

Epatit A ka koze :

- maladi ki tankou lagrip
- lajonis (po oubyen je jòn)
- gwo doulè nan lestomak ak dyare

Moun ki soufri epatit A gen pou yo souvan entènè lopital (apeprè 1 moun sou 5).



Gendefwa, epatit A touye (apeprè 100 moun chak ane nan Etazini).

Yon moun ki gen epatit A ka pase maladi a fasil bay lòt moun nan menm kay la.

Vaksen kont epatit A ka anpeche gen epatit A.

2. Ki lès ki pou pran vaksen kont epatit A ak ki lè ?

KILÈS ?

Gen moun ki pou pran vaksen kont epatit A toutan :

- Moun ki gen laj 2 zan epi pi aje ki vwayaje oubyen ki ale an vakans nan peyi ki gen anpil ka epatit A, tankou peyi yo ki nan amerik santral ak nan amerik disid, antiy yo, Meksiko, Azi (eksepte Japon), Afrik, ak Ewòp Oksidantal.

- Timoun ak jèn moun ki rete nan leta oubyen nan kominote kote vaksinasyon òdinè rekòmande.
- Gason ki nan sèks ak gason.
- Moun ki itilize dwòg ilegal.
- Moun ak maladi kwonik nan fwa.
- Moun ki resevwa tretman konsantrasyon faktè kont koagilasyon.
- Moun ki travay ak senj ki enfekte ak HAV oubyen ki travay ak HAV nan laboratwa.

Lòt moun ka gen vaksen kont epatit A nan sitiyasyon espesyal :

- Vaksen kont epatit A ka rekòmande pou timoun oubyen jèn moun nan kominote kote gen anpil ka epatit A.

Vaksen kont epatit A pa lisansye pou timoun ki poko gen laj 2 zan.

KILÈS ?

Seri vaksen kont epatit A ka kòmanse nenpòt lè yon moun an danje pou li gen enfeksyon.

Pou moun ki vwayaje, seri vaksen an dwe kòmanse omwen yon mwa anvan moun lan kòmanse vwayaje.

De dòz vaksen an nesèsè pou yon pwoteksyon long. Dòz sa yo dwe pou pran nan omwen 6 mwa entèval.

Vaksen kont epatit A ka pran menm lè ak lòt vaksen.

Epatit A

8/04/04

Hepatitis A - Haitian Creole

3. Kèk moun pa fèt pou pran vaksen kont epatit A oubyen dwe tann.

- Nenpòt moun ki janm gen yon gwo (ki ka touye) **reyaksyon alèji anvan ak yon dòz vaksen kont epatit A pa fèt pou pran yon lòt dòz.**
- Nenpòt moun ki te gen yon gwo (ki ka touye) **reyaksyon alèji ak yon engredyen nenpòt vaksen pa fèt pou pran vaksen an.** Di doktè a sa si ou janm gen yon gwo alèji. Kèk vaksen kont epatit A gen alen ak 2-fenoksiyetanòl nan yo.
- Nenpòt moun ki **malad yon ti kal oubyen malad grav** lè li sipoze pran piki a dwe tann jistan li rekipere pou li pran vaksen an. Pale ak doktè oubyen enfimiyè a. Moun ki gen **maladi pa twò grav** ka pran vaksen an anjeneral.
- Kite doktè a konnen si ou **ansent**. Sekirite vaksen kont epatit A pou fanm ansent pa ko detèminen. Men pa gen prèv li danjre pou fanm ansent ak pou tibebe ki nan vant yo. Danje a, si genyen, ba anpil.

4. Ki risk ki genyen nan yon vaksen kont epatit A ?

Yon vaksen, tankou nenpòt vaksen, ka petèt bay gwo pwoblèm, tankou gwo alèji. Risk pou yon vaksen kont epatit A danjre anpil, oubyen touye, piti anpil.

Li mwen danjre pou pran vaksen kont epatit A pase pou gen maladi a.

Ti pwoblèm leje

- sansib nan anplasman piki a (*apreprè 1 nan 2 granmoun, epi 1 nan 5 timoun*)
- maltèt (*apreprè 1 nan 6 granmoun epi 1 nan 20 timoun*)
- gen move apeti (*apreprè 1 nan 12 timoun*)
- bouke (*apreprè 1 nan 14 granmoun*)

Si gen pwoblèm sa yo, yo dire areprè 1 a 2 jou.

Gwo pwoblèm grav

- gwo reyakasyon alèji, nan lespas detwa minit a detwa zèdtan apre piki a (*trè ra*).

Epatit A 8/04/04 Enfòmasyon sou vaksen
Hepatitis A - Haitian Creole

Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health

5. Men si gen yon reyakasyon leje oubyen ki grav enpe ?

A kisa pou mwen fè atansyon ?

- Nenpòt kondisyon ki pa nòmal, tankou gwo lafyèv oubyen chanjman nan konpòtman. Yo se siy gen yon gwo pwoblèm alèji tankou pwoblèm respirasyon, vwa anrwe oubyen respirasyon fò, itikè, vin pal, feblès, batman kè ki bat vit oubyen vètij.

Kisa pou mwen fè ?

- **Rele** yon doktè, oubyen mande yon moun rele yon doktè touswit.
- **Di** doktè a sa ki rive, dat ak lè li rive, epi ki lè ou te resevwa piki a.
- **Mande** doktè a, enfimiyè a oubyen depatman sante a pou make reyakasyon an nan papye sistèm dosye move reyakasyon ak vaksen [Vaccine Adverse Event Reporting System - VAERS].

Oubyen ou ka ranpli papye sa a nan sit entènèt WAERS la nan www.vaers.org, oubyen ou ka rele nan 1-800-822-7967.

VAERS pa ofri konsèy medikal.

6. Kijan pou mwen aprann plis ?

- Pale ak doktè oubyen enfimiyè a. Yo ka ba ou papye enfòmasyon ki vin ak vaksen an oubyen yo ka sijere lòt kote pou ou jwenn enfòmasyon.
- Rele depatman sante nan vwazinaj la oubyen nan biwo santral leta a.
- Kontakte Sant pou kontwòl epi prevansyon maladi [Centers for Disease Control and Prevention - CDC]:
 - Call 1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)
 - Vizite sit entènèt CDC nan : www.cdc.gov/hepatitis oubyen www.cdc.gov/nip

DEPARTMENT OF HEALTH
AND HUMAN SERVICES
(DEPATMAN LASANTE AK SÈVIS IMEN)



CENTERS FOR DISEASE CONTROL AND
PREVENTION (SANT POU KONTRWÒL AK PREVANSYON MALADI)
NATIONAL IMMUNIZATION PROGRAM (PWOGRAM
NASYONAL POU VAKSINASYON)